ОТКРЫТЫЙ УРОК

ПО РОДНОМУ ЯЗЫКУ И ЛИТЕРАТУРЕ

для специальности:

38.02.01 «Экономика и бухгалтерский учет»

подготовила и провела преподаватель родного языка и литературы ГГКИТ
Джамбекова Х.А.

Грозный 2022 г

Хьехархо: _____Джамбекова Х.А.
Дисциплина: Нохчийн литература
Урокан ц1е: Эдилов Х.Э., «Сийлаха» поэми т1ехь Ибрах1иман оьзда безам, цуьнан деган комаьршо. Поэмин коьрта маь1на.
Урокан тайпа: Йиллина урок
Урокан 1алашонаш:
а) 1аморан: Эдилов Х.Э., дахарх а, кхолларалле а, болчу некъах хаамаш к1аргбар. «Сийлаха» поэмин коьрта маь1на а.
б) кхиоран: Дешархошна керланиг довзийтар, хаарш дустар, дагалацам а, ойла а кхиор;
в) кхетош-кхиоран: Даймахках, 1аламах, доттаг1аллех йолу поэтан ойланаш йовзийтар; махке а, къоман г1иллакхашка безам кхоллар. Кхетош-кхиоран маь1на; Даймохк беза хилар а, дика г1иллакхаш лардан дезаш хиларх дешархой кхетор а.
Дешархошка шайга турпалхойн дика, вон аг1онаш
билгалйахийтар. Даймахке а, матте а болу безам кхиор.

Урок д1аяхьар

1. **Маршалла хаттар:**

Де дика дойла шун, сан хьоме дешархой. Марша дог1ийла тхан лераме хьеший.
Тахана вай цхьаьна д1ахьур ю коьртаца ойла ян еза, дагалацам хила беза, дуьйцург дагахь латто деза, вешан рог1ера урок.

Урокан эпиграф:
Цкъа дайна сий лахарх
карор дац.
Т1аьхьенгахь юьхь йоцуш
эхье хан йоккхучул,
эзарза г1олий ду
сийлаллийца валар.
Ш. Руставели.

II. Дешархойн дог-ойла айаяр

Дуккха а деза денош ду вайн дахарехь. Уьш билгалдаьхна ду цхьаццачу корматаллица а, вайн исторехь хиллачу хиламашца а. Амма цхьа деза де ду вайн Нохчийчохь муьлххачу нохчочунна лераме хета дезаш. **Муьлха де ду хаьий шуна иза, х1инцца гергга йолчу хенахь т1екхочуш дерг?**

Ткъа дукха хан йуй и де вай даздеш?

Дуккха къаьмнаш ду вайн дуьнен т1ехь. Х1ора къомо шен мотт ненан мотт лору.

-Ненан мотт, нохчийн мотт- оцу дешнийн маь1на къаьстор дарий аш?

Муьлххачу къоман векало 1амийна бийца тарло нохчийн мотт. Нохчийн мотт вайн ненан мотт бу.

Ма аьхна, к1еда, мерза бека нохчийн мотт ша безаш а, буьйцуш а волчун озехь. Ма хьалдолуш бу иза.

- Муха юкъаметтиг хила еза вайн вешан маттаца?

-Кхерамечу хьолахь буй вайн мотт?

-Ткъа х1ун дан деза вайн мотт оцу кхерамечу хьолах баккха?

-Хьажал х1окху слайдана т1ехь йалийна текст ю.

- Стенах лаьцна ю иза?

- Шун хазахетий и текст. Стен йоккху и текст эрча, вайн лерсана, б1аьрсана стен йо новкъарло?

- Оцу текстан чулацам нисбан х1ун дан деза вай? Хьажал шайга и болх балур барий.
Уггар деза подарок дала адамашна делла долу- это жизнь ду, ткъа цу дахарца вместе цо делла нам природу, религию, культуру, къинхьегаман корматалла. Ткъа оцу шадолчуьнца цхьаьна массо а шен-шен язык белла Дала. Одинаковый дег1ан меженаш йолчу адамаша тайп-тайпана звуки долу языки делла Сийлахьчо. Ненан мотт! мел много красивый дешнаш аьлла хьох лаьцна.! Дика ойлане а ваьлла,они д1адешча, понимаешь цхьана х1уманехь: ма боккха сила бу хьоьца нохчийн мотт, народу

Дешархоша текст д1айоьшу.

III. Дешнаш т1ехь болх:
<u>Рефлекси (поздне. лат) –</u> это этап урока, в ходе которого обучающиеся самостоятельно оценивают свое состояние, свои эмоции, результаты своей деятельности. (**жам1дар). <u>Алгоритм (греч) -</u>** счет, последовательность, набор инструкции, описывающих порядок действий исполнителя для достижения некоторого результата **(рог1алла). Синквейн(франц) -**пхеа мог1анех лаьтта стихотворенин кеп.

Синквейнан х1ора мог1а вовшахтохаран шен бакъо ю:

1 мог1а – синквейнан коьрта тема гойту **цхьа ц1ердош.**

2 мог1а – коьртачу ойланан билгало гойту **ши билгалдош (я ши причасти).**

3 мог1а – темин дар гойту **кхо хандош.**

4 мог1а – билггала темица дог1у цхьа маь1на гойту **предложени** (**афоризм, кица я ша х1оттийна предложени).**

5 мог1а – **цхьана ц1ердашах** лаьтта дерзор (коьртачу темица йолу ассоциаци).

Доттаг1а, Сий (дешнашна сиквейн х1оттае)

IV. Х1инца вай нохчийн литературан 1илмане кхача хьовсур ду.

Эдилов Х.Э., «Сийлаха» поэмин чулацамах болу хаамаш карлабохуш д1ахьур ю вайн вешан урок.

Билгалъяьккхина кхо тоба ю. Аса шун тобанашна техкина ц1ерш Ахьмад Сулеймановс аьллачу дешнашца йоьзна ю:

«Бийца **мохккий, моттий** бацахь, адамех ца олу **къам».** Уьш Іаламат нийса аьлла дешнаш ду. Шун тобанашна ас техкина ц1ерш х1орш ю: **мотт, мохк, къам** . Вайн урок хазйийр ю аша лучу жоьпаша. Х1ора нийса бинчу балхана жам1 дийр ду.

V. 1амийнарг карладаккхар

Хаттарш: Алал, муьлхачу яздархохчо язйина произведени йийшира вай яханчу урокехь? Муьлхачу темина язйина яра и произведени? Даладе масалш.

Муха хилла яздархочун бералла?
Муьлха ю цуьнан дуьххьарлера книга, уьш маса язйина цо?
Муьлхачу темина язйина Эдилов Х.Э., шен дукхахйолу произведенеш?

VI. Ойла т1еерзор.

Эдилов Х.Э., поэзин чулацаме хьаьвсинчул т1аьхьа, цуьнан поэтически говзаллин тидам бан доьлча, гучудолу цуьнан хьоста нохчийн ширачу поэзехь хилар. Олуш ду, поэтан говзаллин хьехархой муьлш бу хаа лаахь – уьш лаха цунна уггаре а безачу поэташлахь.

Эдилов Х.Э., стихашкахь денло исбаьхьчу Кавказан, вайн мехкан диц ца лун 1аламан сурташ.

Аса шуна кечдина кицанаш ду. Аша церан маь1на дийр ду.

1. Бодане буьйсанна седарчий сирла хуьлу.
2. Ж1аьлийн гуй ц1еста ду олу захалоно.
3. Стаг вовза лаахь, цуьнан доттаг1ашка хьажа.
4. Тахана харцдерг ахь дийцахь, кхана цхьа а тешар вац хьох.
5. Баккхийчу б1аьргашна а шен ледарло ца го.
6. Уггар хаза х1ума ян аьлча, къийго шен к1орни еана.
7. Хала дара алий, х1уманна б1о ма къажабе.

VII. Керла коьчал йовзийтар:

Поэма йолаелчахьана чекхъяллалц, цунна т1евог1уш, я и волчуьра д1авоьдуш ца го вайна цхьа а стаг. Стаг, божа, къонах аьлла кхаа декъе бекъалуш бу божарий

СТАГ-юьртана кхаьчна, цунна т1е бог1у нах, и волчуьра д1а а оьху.

КЪОНАХ-махкана кхаьчна, цунна т1е а буьссу говрашкахь нах. Ткъа Ибрах1им ц1енна а ца кхаьчна, шен чоь ца ларло цунна. Стеган а, къонахчу стеган а къамел дац цо Сийлахе деш дерг. Цо боху Сийлахе хьо нахана ца гайта лекха керт ян воллу со, ло дешча г1у йоккхур ю ша, бохуш дуьйцу.

- Тоьур ду, нийса боху, ян ца йо цо цуьнах шена накъост. Шен чоь ца ларло Ибрах1име.
- Стенна т1ехь г1алат ваьлла иза шен дахарехь?
- Иза г1алатвалар х1унда ду аьлчахь, ша бина берам мерза *хуьлура,ша кхиийна синтар хьоме хуьлура ,ша лехна бахам мехала хетта, т1аккха цунах стаг воккхавоь.*

Ц1ахь саца йиш йолуш вац Ибрах1им, шен дахарх, яхарх йоккхаеш Сийлаха яц. Сийлахех шена накъост ца ярна, шена улле ца яккхарна, т1аьххьара и ялорна. Мил-мила ялочул йоцуш висар г1оле ю. Кхоьхьуш долу совг1аташ д1аоьцур дацара ша адам хиллехь нанас. Нана ша адамалла долуш хиллехьара, шайн г1ийла, миска Ч1ола та1ийна шен доьзал шегахьара боккхур бацара, цо и йо1

кхобур яра. Зулам дожарна бехке Ибрах1им ву, виъ стаг воь цо. И керт, ков д1аеллехь кхобур яра цуьнан йо1.Сийлаха йитина зуда ю. Ша йитана зуда бахьана долуш виъ стаг воь цо, иза шена луъучу маре яха йиш йолуш йоллушехь. Бер д1адуьгуьйтуш 1едал ду. Къонаха стаг масла1ате хуьлу, масла1атана нах арабоху.

- Муха лорур вара вай иза?
Вай ма-аллара бер д1адуьгуьйтуш 1едал ду зудчуьнга ша маре яхалц .Цо ца йитинехьра ша дара, цо иза йитина. Эдалхин вешин бераш байлахь дуьту цо. Церан зударий жоьра буьту , шен йо1 яла юьту цо. Ша дукха хаза дуьйцуш хьистина зудчун дахар дохадо цо. Доцца аьлча, нохчийн г1иллакх,оьздангалла, *дан дезарг, дита дезарг хууш вац Ибрах1им.*
Цо нах байарх нислур долуш х1ума дац. Зулам ду цо кхуллуш цо иза цу т1е йига сихъеш ю.

VIII. Книги т1ехь болх бар:
- Поэми т1ехь муха гучудолу вайна Сийлахин, Ибрах1иман васташ?
Гайтал вайна и васташ гучудохуш йолу меттигаш.
Аг1о: 229; 230; 231.
-Авторо турпалхойн васташ гучудахарехь 1аламо пайдаоьцуш йолу меттигаш билгалъяхал.
Аг1о: 231; 232;233.
- Даладел кицанаш зудаберийн кегирхойн оьздангаллех лаьцна.

-Полководец Чингисханан дешнаш ду: - Нагахь санна зуда галъяьллехь, ледаръяллехь къонахчун, стеган буйнахь яц иза. Шена т1аьхьа шен ц1ийнан нана йигалуш волчу къонахчунна итт салтичунна т1ехь куьгалла далур ду, итт салтийчунна т1ехь куьйгалла далахь, б1е салтийчунна т1ехь куьйгалла далур ду», аьлла. Оцу дешнаша билгалдоккху Ибрах1имна Сийлахина т1ехь куьгалла цададалар.
Ша вала х1отталц болх беш ву Ибрах1им. Сийлаха деш, дуьтуш доцуш, йолаелла лелаш ю и ду цуьнан г1алат. Шена ца оьшу бахам бохуш лелла йолу Сийлаха бахамо 1ехайо. К1орггера ойла йича и Эдалха цунна т1ехьийзаш хилла я ца хилла ца хаьа вайна. Цо та1ийна б1аьрг дуьххьара буй-те аьлла хетало.
- Нахалахь лела хууш вуй Ибрах1им? Г1иллакх дуй цуьнгахь?
- Ибрах1им шен стундай, стуннаний долчу воьду. Ваха ца везара цига, шен накъост я кхин воккха стаг вахийта везара цо цига. Цо ша боху «хьоьца долу эхь-бехк Дала лоьрийла» Ч1олина ша кхетаме хиларе терра хаьа цуьнца къамел дан. Ч1олас боху шен хеннахь ца бира ша серах х1оз, х1инца хьокханах иза балур бац, ша бохург деш доьзал бац, боху цо (аг1о 57 йоьшу).
- СИЙЛАХА бохучу дашах муха кхета шу?
Нохчийн яздархочо Х.Эдиловс СИЙ-ЛАХА бохуш яздина. И дош шина орамах лаьтта. Оцу дашо гойту, шена ма-хаззара д1аяздо ша бохург. Вайна Сийлаха ца гойту доккхачу ловзаргахь, г1абали йоьхна, дато доьхка дихкина,

шифонан т1ам хьийзош хелхаюьйлуш, я синькъерамехь ца гайтина, я балхахь къахьоьгуш арент1ехь ца гайтина, х1айт аьлла говза каде куьйгаш долуш, кузаш деш, я истангаш деш ца гайтина. Цхьана меттехь яхь ца гайтина, шена везаш волчу к1анте ша йига ахь бохур дац йо1а, шена т1ехьийзаш волу к1ант витина, кхечуьнга нуьцкъала маре яхийтинчу йо1а, шена хьалха т1ехьийзаш хиллачу к1анте д1ахьожуш ца хилла, шега вистхилча могуьйтур долуш ца хилла. Оцу мехкарша айдина вайн мехкан сий, уьш ца хилла дешна, институташ яьхна, амма нохчийн г1иллакх, оьздангалла дика хууш хилла царна. Шен да-нана, йиша-ваша, гергарнаш ца безаш цаьрца г1иллакх дохийча, шена и к1ант мел ч1ог1а везарх д1айоьдуш хилла. Амма Сийлахас шена луш йолу бехчалгаш бахьана долуш шен сий дойу. Шен сий дайина ца 1аш, шен йиша-вешин, ден- ненан, халкъан сий дойу цо. Х1унда аьлча, нохчийн къомо дешех-детех, луш йолчу сискалх шен сий доьхкина дац. Поэто уьш дика бу бохуш ца яздо, иза ирча г1уллакх ду цаьргара доьжнарг бохуш яздо. Т1аьхьенна хаийта яздо, оцу тайпанчу х1уманех вайлардаларе кхойкху цо.

- Хьовсал, х1инца муха гайтина вайна Сийлаха ? Вайна Сийлаха ц1ахь йолуш хин йистехь бен ца го, я ловзаргахь, я синкъерамехь, яц иза.

- Лехча карор дуй сий, лаха деза я лардан деза? Мел лехарх, мел вадарх, хьадарх карош дац сий, иза лардан деза.

- Х1инца 1ехалур ярий-те нохчийн йо1, я яцара? Х1инца иза 1ехалур яцара, х1унда аьлча нохчийн йоь1арий кхеташ бу, дешна бу, оцу тайпана х1ума шайгара долуьйтур долуш бац. Вайн ворх1а-дайшкара охьадог1у сий лардийр долуш бу.

- Х1инца алийша соьга марехь йолчу зудчо шен сий лардеш цхьа а оьрсийн произведени ешний аш?

- Ешна «Евгений Онегин» ц1е йолу роман. Оьрсий йо1а Татьяна Ларинас шена везаш волу к1ант д1аттоту. Марехь ю иза къеначу, воккхачу стагехь, делахь а и вуха веъча цуьнга деха, доца сов дийца ца х1утту иза. Хьан куралла, стогалла ша кхуза нисъелча, д1аяьлла х1инца дуьйна д1а шен х1усамдена тешаме хир ю ша олий д1авох1уьйту цо иза.

IX. Юьхьанцара т1еч1аг1дар.

- Х1инца шегара дош хьан эр дара аш?

Вайна поэто шена ма-хаззара. Ша ма-хиллара, язйина. Цо язйина къинхетам боччу хьолах нах ца битарх, церан къа царах хьарчарх, адамаш хат1е дарх. Х1инца вай хьалха ма-аллара шена везаш волу к1ант витина, ша маре д1аяхча, цаьргахьа д1ахьожуш ца хилла, дешех -детех 1ехаелла шен сий духкур долуш ца хилла, оьздангаллех, г1иллакхех юхуш ца хилла цхьа а зуда, цхьа стаг шен дахарна юкъаг1оьртича могуьйтур долуш ца хилла, мостаг1ийн кара бахана, церан лайш хилла хан ца яккха мокхазан бердах чулелхаш хилла, Эдалха санна ямартлонца т1е куьг кховдийна стаг дукха хьолахь вуьйш хилла. Цундела хаа деза вайна шайгара масал эца йиш йолуш турпалхой уьш ца хилар. Вайна хьалха шекончохь моттаделлера Сийлаха шен безамна т1аьхьа г1ерташ

ю, амма къона ойланаша ха херцарехь вайна гучудолу шеко йоцуш шен дош лардан ницкъ боций, шен къоначу, мерзачу безаман а, кхерчан сий дан ницкъ болуш йоций. Сийлахин дагчу гулло ямарт, зуламе ойланаш, амма уьш иэшо цуьнан ницкъ бац. Хьалха заманчохь хиллий-те нохчийн мехкарий Сийлаха санна 1ехалур болуш, шайна лург схьаоьцур йолуш, сискал юьхьигах яьхь юхкур йолуш? Дера ца хилла, х1инцца вай дийцина цунах лаьцна, вуьшта сунна баккхийчара дуьйцуш хезна, цаьрга ладег1на, шена веза везаш маре яхар-м дита-хь, шена т1ехьийзаш волу к1ант витина, кхечанхьа нуьцкъаха маре яхийтина йо1, шена хьалха т1ехьийзаш хиллачу к1анте д1ахьожуш ца хилла. Нохчийн г1иллакх, оьздангалла дика хууш хилла царна. Сийлаха санна лучу х1уманех 1ехалуш ца хилла нохчийн йо1. Оцу мехкарша даьккхина нохчийн хакъан сий лакха. Авторан Сийлахица йолу юкъаметтиг муха хета шуна? Автора Сийлаха бехказа ца йоккху и Сийлахин бехк хилар, шен дахаран 1алашо цуьнан цахилар ч1аг1деш гойту авторо. Шен дош 1алашдан ницкъ бац цуьнгахь, лаам ницкъ бу моьтту вайна ,амма авторо и а ницкъ цахилар ч1аг1до ,шен мерзачу безаман а, кхерчан а сий ца до цо.

Х. 1амийнарг т1еч1аг1дарца поэми т1аьхь суртх1отторца д1ахьо урок:

Поэмин чулацам т1ехь болх бар. Дешархойн дахарехь дика а, вон а къасто 1амор. Шайна хетарг дийца а, т1еч1аг1дан а хаар. Къамел кхиор. **Сий** бохучу дешан маь1на дар. Поэмин кхетош-кхиоран маь1на довзийтар.

Урокан кеп: Урок – суд.

Уьн т1ехь язйина ду:
- Алахь, нана, йо1ана т1ехь
Товш цахетарг х1ун ду техь?
- Йо1ана т1ехь товш ца хета,
Цо шен сий ца лардинехь…
Сулейманов А.

Хьехархочун дош.

Поэми т1ехь болх беш, вайна бевзина цуьнан коьрта турпалхой: Ибрах1им а, Сийлаха а, Эдалха а, Аружа а. Хаааделла уьш муьлш бу. Бевзина поэмин хиламаш. Ибрах1иман дахар а, безам а, ирс а дохийнарг юьртан совдегар Эдалха ву, цуьнца шен сий ахчанах бахамах доьхкина Сийлаха а ю.

Х1ун бахьана ду Ибрах1иман дахар х1аллакьхиларан а, пхи стаг а, цул т1аьхьа Ибрах1иман жима йо1 кхалхаран а? Бехке верг къаста ца веш д1адерза йиш юй иштта г1уллакх? Вай дукха лийхи бехке мила ву бохуш.

Цхьаболчара Эдалхин бехк би, вукхара Аружин, ткъа кхоалг1ачу тобано Ибрах1иман бехк бо, шен зудчунна дола ца дина бохуш, йоьалг1ачу тобано ден – ненан бехк бо шайн йо1 ийманехь ца кхиорна, уггар йоккха тоба ю Сийлаха бехке еш. Бехке мила ву боху хаттар ду тахана вайна хьалха х1оьттинарг. Иза кхеле а делла, массо теш жоьпе озош бен, къасталур долуш дац. Цундела вай тахана бехке верг къасто кхайкхина нийсонан кхел ю.

Дуьххьарлера дов Сийлахин бехк къастош ду. Нийсонан кхело шен болх д1аболабо.
Бехке еш ерг ю Сийлаха.
Процессан декъашхой
Кхелахо - Сагаева Хеда
Заседатели суда - Баширова Раяна, Баширова Фатима
Прокурор - Узаева Шариат
Адвокат - Абдулкадырова Мата
Бехке йолу Сийлаха -Устарханова Хьава
Тешаш: Аружа, Эдалха, Ибраьх1им, Ч1олла – Сулейманова П, Эльмурзаева, Хаджиева Линда, Хаджиева Марха.

Секретарь: Гачаева Асият -Хьалаг1овтта! Кхел ю йог1уш!
- Охьаховша мегар ду!
Кхелахо. Кхело д1аболабо шен болх Сийлахин бехк бу я бац къастош йолу. Тахана иза бехке еш ю деши санна болу Ибрах1иман безам цо сий дойуш хьашарна! Иза бехке еш ю, шен доьзал а кхерч а бехбеш, х1аллакбарна! Сийлаха бехке йо ц1ийндена тешаме цахиларна, нохчийн къоман 1адаташ, ц1ена г1иллакхаш цалардарна! Бусалба динахь Дала Къур1ан чохь бохург ца деш 1есаяларна! Шен а, шен доьзалан а, тайпанан а, юьртан а сий дайъарна! Шен цхьаъ бен воцучу доьзалхочун нана цахиларна! Сийлаха бехке йо иза бахьана долуш 6 адам х1аллакьхиларна. Иза толлуш болу болх д1аболийна лара мегар ду.
Чукхайкха хьалхара теш –Ибрах1им. (Чувог1у Ибрах1им)
Дийцал, хьо мила ву а, хьайх лаций а. (Дуьйцу поэми чулацам т1ера ша Сийлаха ялор т1ера д1аволавелла ша х1аллакьхиллалца т1е кхаччалца.)
Кхелахо: (хотту прокуроре а, адвокате а) Хаттарш дуй шун? (Прокуроро а, адвоката а кечдина хаттарш хила деза хьалхарчо Сийлахин бехк к1аргбеш, шолг1ачо цунна к1елхьара яла некъ лохуш).
-Чукхайкха Эдалхе (дуьйцу иштта, поэмин чулацамах пайда а оьцуш, ша Сийлахе б1аьрг та1ор т1ера д1аволалой ша Ибрах1има веллалц.).
Кхелахо: (хотту прокуроре а, адвокате а) Хаттарш дуй шун? (Хаттарш ло).
-Чукхайкха Аружига (дуьйцу произведени т1ера шена Эдалхас лун долчу совг1ат т1ера д1а а йолалой, ша Сийлахин корта хьовзорах лоций.)
Кхелахо: (хотту прокуроре а, адвокате а) Хаттарш дуй шун?
Чукхойкху Ч1олла. (Дуьйцу Ибрах1им шега бала балхо варах а ша жима йолуш дуьйна нанас коча 1амийначу йо1ана дан х1ума дац аьлла иза д1ахьажорах а лоций)
Кхелахо: (хотту прокуроре а, адвокате а) Хаттарш дуй шун? (Хаттарш ло)
Х1инца дош лур ду прокуроре, дийцал, стенна бехке йо ахь Сийлаха?
Прокурор. Нийсонан Кхел! Доьху ас соьга дикка ладог1аре. Х1ара инзара х1ума ду х1окху поэми т1ехь дуьйцуш дерг. Суна Нохчийчохь х1ара санна дерг хилла аьлча а инзара хета. Ас бехке йо Сийлаха:
Хьалхара. Дуьххьара шега Эдалхас б1аьрг та1ийча, ша нехан ц1ар т1ехь зуда йоллушехь, цуьнга х1умма а ца олуш, ц1аярна. Новкъахь цо ша шеца мел

ч1ог1а т1ом бинехь а, цо т1аьхьо шена бинчу синхьаамо «Со-суо яц сайн коьрта а, сайн дег1ан а да» бохучу дешнаша вайна хоуьйту иза дахаран новкъахь галъяла там болуш хилар.
Шолг1а: Аружа ша йолчу схьалеста йолаелча, иза эккха ца еш, цуьнга ладоьг1у цо. Цунах хаа вайна Аружас дуьйцург Сийлахина дезарг дуй.
Кхоалг1а: вайна кхин д1а хаало цуьнан Ибрах1име болу безам шелбалар. Кертахь дечу г1уллакхаца а бала боцуш, чохь юург ца еш, даима Ибрах1имаца девне, ч1иркъе ю иза. Ша йита, д1аяхийта бохуш ду цо цуьнга ден къамел. Шена т1ера бехк цунна т1е билла г1ерта иза, Ибрах1иман кхин езаелла бохуш, цуьнан дагахь а ца хилчунна и бехке веш.
Доьалг1а: ца сацийра Сийлаха доьзалхочо а. Ненан дог бохург Сийлахех лаьцна дацара. Кхин ца ваьлла йитира иза Ибрах1има, амма цхьа х1ума т1едиллира цо цунна: йоь1ан шо кхаччалца иза лелор. Нагахь цуьнан шо кхачале иза маре йодахь, ша могуьйтур дац элира, х1унда аьлча и хан т1екхаччалца иза цуьнан долахь ларалуш ю.
Амма Сийлахас кхочуш ца дира шена т1едиллинарг. Иза ялх бутт кхачаза йолу йо1 охьа а йиллина, Эдалхе маре яхара. Х1ун дан дезара Ибрах1има, нийсонан кхел, Сийлахас сий дайъина, стаглара ваьлла ваха везар иза я шена динарг д1а а декхна къонах санна вала везара иза? Х1ун дитинера Сийлахас цу дикачу к1антана? Ибрах1има къонах санна валар къастийра. Цундела вахара иза шен ков-керт тоьпах хийцина, Эдалхин керта. Цо цигахь шена Эдалхина т1екхача дуьхьало йина волу цуьнан гергара кхо стаг охьавиллира, цул т1аьхьа воьалг1а Эдалха вийча шен топ охьа а юьлий, аравола иза ша цаьрга вейта. Пхоьалг1а Ибрах1им х1аллакьхуьлу. Дукха хан ялале, Сийлахас охьатесна цуьнан жима йо1 ле. Х1инца аш алийша, Нийсонан кхел, муха йийр яц вай и бехке? Муха эр ду вай цунах нохчийн зуда! Бусалба зуда! Нана! Адам!?
Цу т1ера ас бехке йо Сийлаха цу поэми т1ехь мел хилчу бохамашна.
Ас доьху Нийсонан Кхел ас мел дийцинарг тидаме а эций, Сийлахина елла д1аяллалц набахти чохь яккха хан тохарна!
Сан кхин х1умма а дац ала.
Кхелахо: Дика ду, охьахаа! Х1инца дош лур ду вай адвокате, ахь х1ун эр дара Сийлахин бехказлонна?
Адвокат. Нийсонан кхел! Ас доьху шуьга, х1окху Сийлахин г1уллакх т1ехула кхоьссина ца дуьтуш, доггах кхунах кхетарца таллар. Вай бехке йи иза массо вочу х1уманна. Ас ца боху цуьнан цхьа бехк бац! Бехке ю Сийлаха. Амма стенна бехке ю иза? Цунна атта дахар дезарна! Нийсонан кхел, хьанна ца деза атта дахар? Бехке ю хьал дезарна, хаза яха лаарна! Хьанна ца деза хьал, Нийсонан кхел? Хьалаг1аттийша х1окху чуьра къелла езаш волу стаг! Шен дахар оццул хийца йиш хилча, Дала шена и бахьана х1оттийча, атта дахаран некъ лахарна бехке ю – кх Сийлаха. Муьлхачунна луур дара вайх велла д1аваллалца къеллехь ваха цкъа а самалха а ца долуш? Иза ду –кх Сийлахас лехнарг а.
Т1аккха х1окху тешаш - Аружас, Эдалхас дийцинчуьнга ладоьг1ча, юха а хаа вайна Сийлахин кхин ч1ог1а бехк боций. Сийлаха жима ю, къона ю, Цуьнан

синкхетам, дахаран ойланаш х1инца а ч1аг1ъелла яц. Аружас а, Эдалхас а корта хьовзийра цуьнан. Уьш цуьнан дахарна юкъа ца г1оьртинехь Сийлахий, Ибрах1иммий цхьана дехар дара. Царна и бохамаш бевр бацара. Доьха ас, Нийсонан кхел, шаьш Сийлахина кхел кхайкхош, ас дийцинарг тидаме а эций, Сийлахах къинхетам бар! Сан кхин ала х1ума дац.
Кхелахо: Х1инца т1аьххьара дош ло вай Сийлахе. Хьан бакъо ю Сийлаха, хьайн бехказлонна т1аьххьара къамел дан йиш ю хьан.
Сийлахин къамел.
Нийсонан кхел, суна хаьа со бехке юйла а, сайх къинхетам бан хала дуйла а. Амма со жима а ю, сан хьекъал ца тоьъна. Аружас а, Эдалхас а 1ехийна, корта хьовзийна, айса лелочух йохийна хилла со. Суна Дала ишта а кхел йина: со бахьана долуш дукха нах х1аллакьхилла. Сайн доьзалхо а х1аллакьвина ас, сайн дахар а дохийна. Со дохко ч1ог1а а яьлла айса динчунна. Суна хаьа сайх бан къинхетам боцийла. Делахь а доьху ас, сан жималле а хьовсий, сан хьекъал ца хилар тидаме а эций, сайх мелла а бан йиш елахь къинхетам бар. Сан кхин ала х1умма а дац.
Кхелахо: Сийлахин г1уллакхан ладог1ар цу т1ехь чекхдели! Кхел вовшах дагаяла дехьа чу йоьду.
Секретарь: Хьалаг1овтта! Кхел кхеташо ян йоьду!
Секретарь: Хьалаг1овтта! Кхел йог1у!
Кхелахо: Ладог1алаш, Сийлаха бехке ярна кхело бинчу сацаме.
Сийлахера девллачу зуламашна кхело кхел кхайкхайо:
Хьалхара. Дуьнен чохь мел еха Сийлахин кхин сий хила йиш цахилар.
Шолг1а. Кхин шен дахарехь доьзал кхоьллина, ирс долуш яха йиш цахилар.
Кхоалг1а. Сийлахин кхин цкъа а нана хила бакъо цаялар.
Доьалг1а. Сийлаха шен ц1аро ма кхайкхор, даима сий лоьхуш яхар, амма цо иза мел ч1ог1а лехахь а цунна иза каро йиш цахилар.
XI. Жам1дар.
-Муха хийти шуна поэма?
-Х1ун ойла кхоьлли шун цо?
Дахарехь шуна пайда эца х1ума дарий цу т1ехь?
Вайга х1ун ала г1ерта поэт, шен поэмица?
Шуна нийса хетий кхело йина Кхел? Х1унда?
Муьлха кицанаш далор дара аша вай х1инца теллинчу темина лерина?
Муха хета шуна вай далийна долу дешнаш, дог1уш дуй вайн таханлерчу урокан?
Сулейманов Ахьмадан кхин муьлха дешнаш далор дара аша?
Уггар ч1ог1а лардан дезарг –
Йоь1ан эххьий, оьздаллий,
К1анте езарг ца ларъеллехь,
Д1ахаалаш и веллий!
К1ентан Яххьий, йоь1ан Эххьий
Ма гойла д1адаьлла де!
Кхана уьш д1адовлуш делахь,
Ца вехаш, со тахна ле…

XII. Рефлекси.
XIII. Ц1ера болх.
«Сий» боху дош шайна муха кхета алий жима сочинени язъе.